CHII CHINONZI MBEU YAKANAKA?

Chinonzi mbeu yakanaka (*Quality Declared Seed* – QDS) imbeu yakagadzirwa zviri pamutemo uyewo inotarisirwa kusimba neunaku hwembeu dzinenge dzichiuchikwa. Mbeu yakanaka haina twumitemo twakanyanya uye inoshandisa zvinhu zvishoma pakuongororwa kwayo kana zvichienzaniswa nekumwe kuongorora kunomboitwa. Ine chinangwa chekuwanisa varimi vane minda midiki mbeu yakanaka uye kuvabatsira pakuuchika mbeu.

ZVAKANAKIRA MBEU YEQDS

- Varimi vanokwanisa kuwana mbeu iyi zviri nyore nokuti inowanika, yakavimbika uye ine mutengo wakaderera kana zvichienzaniswa nembeu ine magwaro.
- QDS inokwanisa kuenderana nenzvimbo kwainenge yagadzirwa.
- Varimi vanobvumidzwa kuchengeta uye kuzoshandisazve mbeu yeQDS kwemwaka mitatu kana mina inotevera.
- Varimi vanokwanisa kutengeserana kana kuchinjana mbeu dzeQDS pachavo.
- QDS inowanisa varimi vechidzimai nevechirume mikana yakaenzana, avo vanobuda nembeu iri nani.
- QDS inowanisa mikana yemabasa kuvarimi vanouchika mbeu yakanaka.

ZVAKASHATIRA MBEU YEQDS

- Dzimwe nguva varimi vanoshaya rutsigiro kubva kuhurumende nemamwe masangano kana tichitaura nezvekudzidziswa kuuchika mbeu yeQDS.
- Mbeu yekushandisa pakuuchika haiwaniki zviri nyore.
- Varimi vazhinji havazivi kuti kunouchikwa mbeu yeQDS inogona kushandiswa pakurima.
- Dzimwe nguva varimi vanotadza kuwana mari yekuti vasimudzire mabhizimusi avo ekuuchika mbeu.
- Mune zvimwe zviitiko hurumende inoderedza uwandu hwekushandiswa kunoitwa mhando dzeQDS kuva kanzvimbo kadiki, vachichengetedza mabhizimusi emakambani makuru anouchika mbeu.

www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156

duduccelho.com